ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№153 (21.811) ● 2010 гъэм шыщхьэІум (августым) и 18, бзрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэр наркотикхэр, акъылыр зэІызыгъэхьэ щхъухьхэр, абыхэм я пкьыгъуэхэр зэрахъумэ, къызэрыращэкІым, пощткІэ зэрагъэхьым щыкІэлъыплъ щІыналъэу уб зыхуэныкъуэ и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Наркотикхэр, акъылыр зэІызыгъэхьэ щхъухьхэр, абыхэм я пкьыгъуэхэр зэрахъумэ, къызэрыращэкІым, пощткІэ зэрагъэхьым щыкІэлъыплъ щІыналъэу уб зыхуэныкъуэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт ар официальнэу къыщытрадзам и уэкІэ махуипщІ дэкІмэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм шыщхьэІум и 10-м
№75-УП

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж Къуаншагъэ зылэжьахэм яхуэгъэгъуным пыщІа Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж Къуаншагъэ зылэжьахэм яхуэгъэгъуным пыщІа Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэн щхьэ и Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Кьару имыІэжу къэльытэн «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж Къуаншагъэ зылэжьахэм яхуэгъэгъуным пыщІа Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм хэтхэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэлыжьхьым и 17-м кьыдигъэкІа Указ №55-УП-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм шыщхьэІум и 10-м
№76-УП

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм шыщхьэІум и 10-м кьыдигъэкІа Указ №76-УП-мкІэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и деж Къуаншагъэ зылэжьахэм яхуэгъэгъуным пыщІа Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм ХЭТХЭР

Вэрокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр жылагъуэ щэнхабзэ фондым и тхьэмадэр*(комиссэм и унафэщІ, зэгурыІуаУэ)*

Абдулаев М. К. - зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкі Зэщіэузэда къаруэхм, хабзэхьэм органхэм я ветеранхэм я Налшык къадэ Советым и тхьэмадэр*(зэгурыІуаУэ)*

Айдаболов З. И. - уэчыдхэм я Къэбэрдей-Балкъэр республикэ коллегием и президиумым и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм и вице-президентыр*(зэгурыІуаУэ)*

Іэщщ З. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал хуэхЫкІэмкІэ и комитетым и унафэщІыр*(зэгурыІуаУэ)*

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и православнэ члисхэм я Іэтащхьэр*(зэгурыІуаУэ)*

ГъукІэщокъуэ М. Хь. - «Бэрбэч Хь.М. и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапІэм и юридическэ факультетым и деканыр *(зэгурыІуаУэ)*

Дядченко В. Г. - «Урысей эскъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балкъэр щІыналъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ зиныкъо и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Иуан Ф. З. - «Урысейпсо сабий фонд» жылагъуэ псапащІэ фондым и Къэбэрдей-Балкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр*(зэгурыІуаУэ)*

КІуэкІуэ М. В. - Тезырхэр егъэпшыныжмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Къумыкъу Б. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и жылагъуэ гъэдэкІыгъэр

Маслов Н. А. - «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ директорыр *(зэгурыІуаУэ)*

Пщыхьэщ Э. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Мусылъмэнхэм я Іуэхущ Іапі эм и унафэщІыр*(зэгурыІуаУэ)*

Смирнов Т. И. - Налшык къалэм дэт «Гимназие №29» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Шабаев Л. М. - Налшык къалэм дэс бгырыс журтхэм я дин зэгухьныгъэм и раввиныр *(зэгурыІуаУэ)*

Елчэнар М. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Уэзыншагъэ хьумэнкІэ и министерствэм и «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» къэрал Іуэхущ Іапі эм и дохутыр нэхъыщхьэр.

Къэралыр хьэрычэтыщІэхэм ядоІэпыкъу

●Щапхъэ

2009 гъэр кьаралым и хьэрычэт лэжьакІуэхэм кьатехьэлъащ. Экономикэм и щытыкІэр дуней псом зэрыщызэІыхьар ди кьаралым и экономикэм и Іэнатіэхэм я нэхъыбапІэми зэран кьыхуэхъуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, хьэрычэт Іэхъу цыкІымрэ курытымрэ я Іэнатіэхэм я бжьыгъэр апхуэдэ зэман гугъуэ проценти 3-м нэблагъэкІэ нэхъыбэ хьуащ. Абы Іуэщ кьеугъэлъагъуэ, сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэр щымыІэми, цІыхухэм хьэрычэт зэрахэлъыр, абыхэм зыхэпсэуэкІым Іэнатіэ кьыхэрагъэпэщыну зэрыхуэщІэкъур.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, апхуэдэ щытыкІэр кьызэрэпэщІымыкІэ кьэралми куэд ельытащ. 2009 гъэм кьырыбыдэу хьэрычэт Іуэху цыкІымрэ курытымрэ я субъектхэм ярат дэІэпыкъуныгъэр хуэди 4 хуэдизкІэ нэхъыбэ хьуащ. Ауэ бизнесым ахъшэкІэ зыщІэгъэкъуэным и закъуэкІэ Іуэхур зэфІэкІыныкъым. Мы Іэнатіэм зегъэужьыныкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ хьэрычэтыщІэхэр гугъу езыгъэхь хабзэхэр гъэзэщІэнымі. Апхуэдэхэм ящыщщ хьэрычэт Іуэхущ Іапі э зэмылІэужьыгъуэхэм ирагъэкІуэкІ хабзэщІтэныгъэхэр мардэ пыухыкІахэм игъэувэнкІ. Абы и лъэныкъуэкІэ кьэбгъэльагъуэ хьуащ хьэрычэт Іэнатіэм планым химыуфыдэ кьэпщІтэныгъэхэр щегъэкІуэкІыным теухуауэ я кьата заявкэхэм я зэхуэдитІыр прокуратурэм зэрыщІэнкІэ. Дыхьэрыт ильэсым планкІэ ирагъэкІуэкІыну кьэпщІтэныгъэхэм хигубыдэу заявкэ мин 570-м ирагъэгъэзэжащ, ахэр законым кьигъэувэхэм кьызэримыІасэм кьыхэкІыу.

Бизнесым и сэбэн зыхэль кьыкІэлъыкІэу Іуэхущ ильэсым кьырыбыдэу сом мелуан 60 иримыкъу кьызыІэрыхьэ организацэхэм налогхэр нэхъ кьызэрыгуэкІ хабзэм тету ятыну хуит зэращІар. Патент кьэщІэхуэр зи лъабжьэ налог тыкІэу иужь зэманым кьагъэсэбэну хуежьамрэ абырэ нэрылъагъуу тхылъымпІэхэр ягъэмащІэ, апхуэдэу щыщыткІэ, хьэрычэтыщІэхэми лэжьыгъэр кьащегъэпсынщІэ.

Хьэрычэт Іэнатіэм и сэбэн зыхэль хабзэхэм ящыщщ предприятэхэр кьызэрагъэпэщын папщІэ хуит зыкъэрагъэщІын зэрыхуэмейр, абыкІэ зыхуэфащэ Іуэхущ Іапі эхэм хьыбар ирагъащІэмэ зэрыщэфІэкІыр, фІэкІыпІэ имыІэу сертификацэкІэ пхагъэкІын хуей продукцэ лІэужьыгъуэхэр зэрагъэмэщІар, нэгъуэщІхэри.

Предприятэ мыинхэм я дежкІэ иджыпсту нэхъ гугъуш псэуальэхэмрэ коммуникацэхэмрэ кьэгъэсэбэпынымкІэ хуитыныгъэ кьеІыхьыныр. Ахэр электросетхэм зэрыпащІэм папщІэ ирагъэт ахьшэр нэхъ ипэІуэкІэ апхуэдизу куэд хьурти, абы теухуа тхьэусыхафэхэм «хьунщІакІуэ» псальэр куэдрэ кьыщыхагъэщу хуеІэкІат. Абы кьыхэкІыу предприятэ мыинхэмрэ курытхэмрэ электросетхэм зэрыпащІэ хабзэ хэха кьащІащ. Хьэрычэт лэжьакІуэхэм ахьшэ кьахуэдэзыгъахуэ я хабзэм тету нэгъабэ и закъуэ зэгурыІуэныгъэ мин 23-рэ ятхащ. Законодательствэм зэхъуэжьныгъэ щхьэхуэхэр хальхьэ нэужь, хьэрычэт Іуэху цыкІым и субъектэ псэуалъэхэм бзджэнду зыІыгъэхэм ахэр кьащІэжьыкІымкІэ Іэмал хъарзынэхэр яІэ хьуащ.

А псоми кьадзкІуэу, къэгъэльэгъуапхъэщ хьэрычэт Іэнатіэм и субъектхэм я дежкІэ кьэрал, муниципальнэ заказхэр гъэзэщІынэхъыни куэд зэрелытар. Іэщ Іагъэлъэхэм зэрыжаІэмкІэ, а заказхэр зэрыхагуашэ щыкІэр нэхъ нэрылъагъуу кьызэрагъэпэщу зэрыхуежьам, а Іэнатіэм иджырей технологием тету лажьэ оборудованэ кьызэращхьэкІуну грантхэр яхуэхэнри. Апхуэдэ компаниехэр Іэнатіэ нэхъ гугъу дыдэхэм, кьэралым и экономикэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм зэрыпэрытыр кьэпльыгъэмэ, ищхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа дэІэпыкъуныгъэм егъэлеяуэ зыри хэпльагъуэркъым.

Мыбы ехьэлІауэ нэгъуэщІ зы Іуэхуи кьыхэзгъэщІыжащ. Гу лыпітэну гугъукъым, кьэралыр бизнесым сыт хуэдэу льэщу дэмыІэпыкьуми, абы зиужьыныкІэ федерацэм и субъект щхьэхуэхэм щІэ щытыкІэр хуабжьу зэрызэщхьэщыкІым. Кьапщтэмэ, язныкьуэ щІыналъэхэм хуит зэращІ тхылъ гуэрхэр кьеІыхьным зы мазэ хуэдизу щытрагъэкІуэдащ, нэгъуэщІ щІэпІэжьи а пІалъэр хуэди 10 - 15-кІэ щынэхъыбэщ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, ильэс бжьыгъэкІэ кьыкІэльыкІуахьи хуей мэхъу.

Абы кьикІыр зы закъуэщ: субъектхэм, муниципалитетхэм я властхэм куэд ельытащ мы Іэнатіэм и щытыкІэр зыхуэдэнри.

ГРЫЗЛОВ Борис,
Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и УнафэщІ.

●Тхьлъыщ Іэ



Тыгъэ пщІыну уохъуапсэ

«Кавказ: Тхыдэр, лъэпкъхэр, хабзэхэр» - араш зэрелджэр Котляровхэ Викторрэ Мариерэ Налшык щалэ тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІам.

ЕЗЫ КОТЛЯРОВХЭ зэрыжаІэмкІэ, XIX лІэщІыгъуэм и кІэухэм Урысейм къыщыдэкІат «Живописная Россия. Отечество наше в его земельном, историческом, племенном, экономическом и бытовом значении» зи фІэщыгъэцІэ тхылъхэр - тхылъ 12-у зэхэлъщ, дэтхэнэри дуней псом пщІэшхуэ нобэр къыздэсми щызыгъэтащ.

Эмран джэри, ахэр гъэтэгъуэй хъуащ. Ди кьэралым и цІыхухэм, и дуней дахэм тепсэльыхь тхылъыр зэманкІэ тхылъеджэм пэІэщІэ яІат. Аращ 9-нэ томым 1883 гъэм «Кавказ» и псальащхьэу хагъэхьа Іыхьэшхуэм щІэныгъэлІ куэд щымыгъуазэу къыщІэнар, абы ди щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр куууэ къызэкъуих пэтми.

Зи гугъу тщІы тхылъым Кавказым теухуауэ тхыгъэ 12 хиубыдащ икІи ахэр дэтхэнэри теухуащ Іуэхугъуэ пыухыкІа гуэрым: Кавказышхуэмрэ Кавказ ЦІыкІымрэ, Кавказым и щІыбагъкІэ къыщыІэм, Каспий тенджызэ ІуфэмкІэ щыІэ Кавказ щІыбагъым, хьыбарыжьхэм, дуней къэхъуащІэхэм, мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, диным, хьэщІагъэм, унагъуэ псэукІэм, унэ ухуэкІэм, нэгъуэщІ куэдми. Апхуэдэ тхыгъэ щхьэхуэхэр зэуІу ещІ Кавказым и нобэри и блэкІари къызэкъуэзых, абы дунейпсо тхыдэм щиІыгъ увыпІэр къэзыгъэпабгъуэ тхыгъым.

Тхыгъэхэр я къалэмыпэм къыщІэкІащ Радде Г., Берже Ад., Марков Е. сымэ. Сурэтхэр ящІащ Верещагин, Горшельд, Каразин сымэ яхуэдэн сурэтыщІ щэрыІуэхэми зи Іэдакъэщ Іэкі эхэр тхыдэм къыжьмэжахэми. Псори зэхэту абы сурэтэ 175-рэ ятщ.

Тхылъыр апхуэдизкІэ гъэщІэрэщІауэ къыдагъэкІащи, зыгуэрым тетыгъэ хуэпщІыну уегъэхъуапсэ. Ар XIX лІэщІыгъуэм традзауэ щытам ещхь зэращІынри ижь итахэщ.

«Тхыдэр, лъэпкъхэр, хабзэхэр» - 12-м щыщу тхылъ ещанэщ. Абы ипэ къыдэкІащ «Географические названия и объекты» (2007), «Европейские дневники XIII - XIX веков» (2010) зысІаща тхылъхэр. Мы гъэм иджыри «Адаты народов Кавказа», «Закон и обычай на Кавказе» зи фІэщыгъэцІэ тхылъитІ къыдэкІынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

●Шэджэм куей

Псом ящхьэщ

Щхьэлыкъуэ кьуажэр псыкІэ нэсу кьызэрэпэщыным иолэжь.

КЪАПЩТЭМЭ, мы зэманым жылэм дэт псы насоси 8-р мыувыІэу ягъэлажьэ, арщхьэкІэ хьэблэ псоми ирикъуу ар иратыну Іэмал яГъэтІыркъым. Апхуэдэ щытыкІэм щхьэусыгъэуэ хуэхъур щыхъум псыр зэрызэрамыгъэзэахуэмрэ и чэзум абы и уасэр зэрамытымрэщ.

Мы махуэхэм Щхьэлыкъуэ кьуажэ администрацэм хьыбарыфІ кьыІэрыхьащ: щыпІэр псэзыпщыта геологхэм кьаХутащ кьуажэкъум хуэзэу псы зэрыщІэтыр. УнафэщІхэм абдежми кьыщІэшыпІэ щащІыну траухущ. Куууэ щы щІагъым щІэт псыр кьызэрыдрашеину насос иГъэувын хуейщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●КъыхэтхыкІыныгъэ-2010

Іыхьэ 66-уэ ягуэш

2010 гъэм ирагъэкІуэкІыну щыхухэм я Урысейпсо къыхэтхыкІыныгъэм зыхуэзгъэхьэзырынур Шэрдж мунципальнэ районым и кІэм щыноблагъэ.

А КЪАЛЭНЫРэи пщэрыль Бозиев Расул къыхэзгъэжьамкІэ, куейр кьыщащІэжьну Іыхьэ 66-уэ ягуэшащ, Іуэхур щІагъэпсынщІэн щхьэжкІэ, телефон щхьэхуэу 18 хухахащ, автотранспортуэ плІы ирагъэбыдыпІэнущ. КьыщыхатхыкІыну участкэ 4-мрэ инструкторэр щыпІэжьынэу щІапІэ 16-мрэ я хэщІапІэхэр ягъэбелджылащ. Зы участкэр Къещхьэтау поселкэм (Бёзенгиреэ Къарэсурэ хыхьэу), еТІуанэр Бабугент кьуажэм (Балъкъэр Ипщэр ыкьыбуду), ещанэр Аушыджэр (Джэрпэджэжь кьепхауэ) щыІэнущ, еплІанэ участкэм Жэмтхьэлэ, Зэрэгьыж, Жэмтхьэлэ Ипщэ жылагъуэхэр зэщІигъэхьэжнущ.

Районым кьыхэтхыкІыныгъэр щІыхуэн 110-м пщІэкІэ щрагъэкІуэкІынущ. Ахэр щІэныгъэфІ зиІэхэу, вэгъэзгъэхъу, жъуапльныгъэр зыхъэзыщІэхэу кьыхахынущ икІи фокІадэм и 13 пщІондэ куейм и щІыпІэ администрацэм щрагъэджэнущ.

Щхьэусыгъуэ гуэрхэм кьыхэкІыкІу, кьыхэзытхыкІхэм зи дзыхь езымыгъэзхэр участкэхэм екІуалІэу абдежым зыщрагъэтх хьунущ.

БОЗИЙ Залинэ.

●Тэрч куей

Гъэ еджэгъуэщІэм зыхуащІ

КъБР-м Есгъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ Тэрч куей администрацэмрэ я унафэщІхэм зэгъэуцуу Джыдахьстэнейр зыхъэзыгакІуэхьащ, курыт школхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьазырыр зрагъэльэгъуну мурадкІэ.

ЗИ ГУГЪУ тщІа Іуэхущ Іапі эхэм я лЫкІуэхэр щыІащ Тэрч къалэм, Акъбащ Ипщэ, Курп Ипщэ жылагъуэхэм. Унафэщ Іхэр аРэсы техъуащ егъэджакІуэхэм, еджакІуэхэм я адэ-анэхэм, дэІэпыкъуэгъу кьахуэхъуа хьэрычэтыщІэхэм я кьарукІэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм. Кьэпщытакі уэхэр псом хуэмыдэу щыгуфІыкІащ мы кьуажэхэм зыхуей хуэза спорт залыфІхэр зэраІэм, гулъытэнщэу кьагъэнакъым мылъкукІэ зыпэмылъэща языныкъуэ Іуэхуэхэри. Кьапщтэмэ, кьаралм дэт еджапІи 5-м езыхэм я котел щхьэхуэхэр ягъэувыжа щхьэкІэ, ахэр газым зэрыпадзэну ахъшэр яхурикъуакъым, Акъбащ Ипщэм дэт курыт школым и учащхэр щІэкІэ зэхъуэкІын хуей уэ кьапоплъэ. Мы Іуэхуэхэр и чэзум зэфІэгъэкІынымкІэ министрым ядэІэпыкъуэкиитъэгугъащ.

УнафэщІхэр тепсэлъыхьащ Курп Ипщэм «ПэщІэдзэ школ - сабий сад» щыухуэнымрэ школхэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъхъэхэм тэмэму кьэгъэпльа зэрыхъуну щІыкІэр.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

●Аруан куей

И чэзум зэфІагъэкІ

Шыщхьэ Іум и япэ тхьэмахуэм ярихьэлІу Аруан районым бжьыхьэсэ гуэдзыр кьаращІагъэ щымыІэу кьыщрахьэлІэжащ.

ГЕКТАР мини 2-рэ 400-м щыщу Іуахыжьи хуейуэ кьапэщІылыжьи гектари 150-м нэсщ. Зы гектарым хуэзэу центнер 37,7-рэ кьытрахащ. Гуэдзу кьрахьэлІар псори зэхэту тонн мини 7-м щІегъу. Гъатхэм гуэдзу гектари 150-рэ хасати, абы щыщуи 130-р кІэрыхунщэ кьрахьэлІэжащ, центнер 25-рэ зы гектарым кьытрахыу. Куейм хьэпІиІкІр гектар 600-м щІегъуэм щыхасаеш, бжьыхьэсэр кьрахьэлІэжащ, гъатхасэм щыщу гектари 100-м нэс кьахуэнащи, абы и Іухьжьыным иджыпсту йоужьэрэкІ. Аруан районым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и управленэм хьыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, дунейм и щытыкІэм зэуэ зимыхьэжмэ, зэгъуэр и чэзум зэфІагъэкІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Аруан куей

Зыпэплъа псыр иджы яльэІэс

АДЫГЕЙ. ***Каменномост жылагъуэр куэдрэ зыпэплъа псыр иджы яльэІэсащ. Адыгеймэ и тхыдэм кьриубыдэу зэфахуа хуэныкъо лъхъэ щыхъэм ящыщ зыщ Мейкъуапэ куеймрэ кьалащхьэмрэ псыкІэ кьызэрысъэнщыну Інатіэр.***

ПСЫ КІУАПІЭР кьызэІуихащ Адыгеймрэ и президент ТхьэкІуэшынэ Аслъэнджэрий икІи бгыпсымкІэ я пщэзитхьэщІащ, и фІагъымрэ и Іэфі агъымрэ кьиІытэу. УнафэщІым ильэсым кьриубыдэу километр 20 зи кІыхьагъ псы бжьамийхэр зыукъуэдия, абы и зэхэкІыпІэхэр зыуха «Майкопводоканал» МУП-м фІыщІэ хуищІащ. АдэкІэ кьуажэм и уэрамхэм псыр дашэнущ, кьыкІэлъыкІуэу газкІэ кьызэрагъэпэщынущ.

Спортым дихьэхэм я кьалэщ Мейкъуапэ

Мейкъуапэ щекІуэкІащ Физкультурникым и махуэм теухуа спорт зэхьэзэхуэ зэмылІужьыгъуэхэр. Ар кьыщІадзащ ныбжьыщІэхэм футбол ныкъуакІэ я зэпеуэмкІэ. АджэІэ атлетишкэ псынщІэм и встречкэр кьалэ бассейнымрэ деж кьыщызэджащ. Апхуэдэу зэпеуащ шахмат, шашкэ, волейбол, ганибол спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ, нэхъыщхьэхэм.

- ДИ ГУАПЭТ Мейкъуапэ щыпсэухэр спорт зэхьэзэхуэхэм кьыхьхьамэ, кьалэм спортым ихъри щынуфІыуамэ, - захуигъэзащ махуэщхуэм ирихьэлІэу кьалэдэсхэм, спортсменхэмрэ физкультурэм пыщІахэмрэ Мейкъуапэ администрацэм и спорт комитетым и унафэщІым.

ЗытлІэужь Хьэсэн и текІуэныгъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЭ. *Бжьыкі хуитымкІэ зэхэта Урысейпсо зэхьэзэхуэм республикэм и спортсменхэр кьыщыхэжаныкІащ икІи медаль зэхэтымыдэу 5 кьахьащ.*

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ и спортсмен ЗытлІэужь Хьэсэн зыхэта гупым (килограмм 60) кьытекІуэн кьахэкІакъым. Абы финалым щыхигъэщІащ Астрахьэн и лЫкІуэр икІи бжьыпэр иубыдащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Алыджхэр Израилым хуэарэзыкъым

Израилым и премьер-министр Нетаньяку Беньямин къэрал Іуэхукі къызэрыкІуэмкІэ мыарзыу, дыгъуасэ Алыджым щыпсоуэхэм дзонпрацэу ТІу ирагъэкІуэкІащ.

Дыгъуасэ Нетаньяку Афины кІуащ махуитКІэ щыІэну. Алыджым и премьер-министр Папандреу Йоргос щыІуэщІам, ахэр тепсэльыхьащ экономикэ, политикэ, зауэ Іуэхуэхмкі Іь лъэныкъуитІыр зэрызэдзэжьэну щыкІэм.

Ящэ демонстрацэр кьыщызэІуахащ Афинхэм я Синтагмэ утыку нэхъыщхьэм. Ар пэгъунэгъуэ Папандреу щылажьэ унэм. Демонстрацэр щыщІидзэр трагъэхуащ премьер-министрхэр щызэІущІэ зэманым. Абы хэтащ Палестинэм къыдэпІу Алыджым щыІэ Іуэхущ Іапі эхэр. ЦІыхухэм якъуэдийрт Израилым хуэІэ зэхущытыкІэ псори Алыджым кьызэпиудыну, «ПІыкІ Нетаньяху и хэку яхуэжьну».

ЕтІуанэ демонстрацэр Афинхэм я шоссе нэхъыщхьэм ирикІуащ. Ар кьызэрагъэпэщащ коммунист партым, щІидзэнущ мы гъэм и бжьыхьэм.

Маккристал дзэм кьыхахуэжьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар Америкэм и журналхэм ящыщ зым ирита интервьюр. Псалъэ дахэ лъэпкъ ямымыльэкІуэр, ар тепсэльыхьат США-м и вице-президент Байден Джо, лъэпкъ шынагъэуцІащагъэмкІэ чэнджэщкІуэ Джеймс Джонсон, нэгъуэщІ кьулыкъущІэхэри тэмэму зэрымылажьэм.

НОБЭ

◆Ильэс 50 и пэкІэ СССР-мрэ Кипр Республикэмрэ дипломат зэхущытыкІэхэр зэхуаІэ хъуащ. 1991 гъэм и дыгъэгъазэм Урысей Федерацэм кьищтащ СССР-м и кьалэнхэр.

◆ПышхьэІум и 18 - 21-хэм Пекин (КНР-м) щызэхэтынущ лыщх ізым ебэныныкІэ XXI дунейпсо конгресс. Абы щІыгъуу еКІуэкІынущ «Тутынымрэ узынщагъэмрэ» зи фІэщыгъэ XIII дунейпсо конференцри.

◆1941 гъэм КъБР-м Балъкъэрым тхьэмахуэ щІыхьэху щекІуэкІащ. Абы кьыщалэжьа ахъшэ сом мин 300-р кьралым ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и фондым халъхьащ.

ПланкІэр зыхьзхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифи.**

Лъэпкъ Іуэщитъ:

ФІы пщІауэ ущІэмыфІыгъуэж.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкIэ - республикэ бюджетыр) гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ отчетым едаIуэри тепсэлыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъалъагъуэ планэр зэхъуэхъмкIэ сом мин 20 382 668,6-кIэ е процент 97,6-кIэ, хэщIхэмкIэ сом мин 20 135 492,0-кIэ е процент 93,3-кIэ зэрагъэзащIар. Федеральнэ бюджетым кьыхэкI финансэ дэIэпыкъуныгъэр хэмыту, республикэ бюджетым и зэхъуэгэ сом мин 7 635 167,2-рэ е процент 94,0-рэ мэхъу. 2010 гъэм щIыпIэм и I-м мирихьолIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм тельа къэрал щIыхуэр сом мин 956 985,0-рэ хъуэу щытащ.

1. А псоми япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI: «2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьан, Iэщ щIидзын икIи щIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъэзэ кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм мэкъуаугъэм и 24-м
№402-IП-П

«2010 гъэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ фондым и бюджетым и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «2010 гъэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ фондым и бюджетым и Iуэхуки I» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьан, Iэщидзын икIи щIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъэзэ кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м
№431-IП-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мазаем и 27-м кьыдигъэкIа Унафэ №19-IПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м *№154-IПП*

Бюджет мылькур фейдэ пылъу зегъэкIуэн, псоми кьагъэсбэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ автомобиль гъэзэгъэр зыхуэфащэ мардэхэм ягъ зехьныкъуэ зыхуэI хуэгъэзэнымрэ къызэгъэпщын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэгу хозяйствэр тэмэму лажьэныр кьызэгъэпэщынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхуки I» 2010 гъэм мазаем и 27-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьищ-та Унафэ №19-IПП-м халъхь зэхъуэкIыныгъэу мы Унафэм щIыгъуэр кьэщтэн.

2. Кьару имыIэжу кьэдгъэтэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мазаем и 27-м кьыдигъэкIа Унафэ №19-IПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки I», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм накьыгъэм и 19-м кьыдигъэкIа Унафэ №107-IПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м кьыдигъэкIа Унафэ №328-IПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки I

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м *№160-IПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм фадэхъакIэр розницэ сатум щащIэн папщIэ лицензэхэр зэрыратым и Iуэхуки I» 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьищта Унафэ №328-IПП-м халъхь зэхъуэкIыныгъэу мы Унафэм щIыгъуэр кьэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МЕРКУЛОВ Александр.

Ухуэныгъэшхуэхэм зыхуагъэхьэзыр

2012 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа «Урысейм и гъэзэгухэр егъэфIэкIуэн» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ ирагъэкIэкIыну ухуэныгъэхэм хагъэхьащ ди щIыналъэм щащIыну дунейпсо кьухъулъатэ кьэтIысыпIэр, Солдатскэ жылагъуэмрэ Тыркыеуз кьалэмрэ зэпэщыщIэну, километр 95-рэ зи кIыхьагъыну гъущI гъуэгур.

АЭРОПОРТЫЩIЭР щаухуэну щыпIэр я гъэбелджылащ. Иджыпсту кьагъэсбэн кхъухьлъатэ кьэтIысыпIэм хуэкIуэу километр 15 зи кIыхьагъ гъуэгу яуку дэиящ.

Иджыблагъэ хэплащ Ипщэ таможеннэ управленэм нэгъуэщI кьалэхэм кьиалъэтыкIыж ди цIыхуэхэмрэ абыхэм я хьэпшыпхэмрэ кьызэрипщэтэ щIыкIэм икIи сыхьэт зыбжанэкIэ зыхэплъэн хуей хъу а Iуэхугъуэр сыхьэтитIым кьриубыдэу зэфIагъэкI хуауэ.

2015 гъэм нэсыху зэрагъэпэщыжыну, ирагъэфIэкIуэну щIыпIэхэм хагъэхьащ «Налшык» гъущI гъуэгу вокзалыр. Лжьыгъэхэр зэрекIуэкIыну илъэси 4-м кьриубыдэу вокзалым и унэмрэ мафIэгу итIысхьэпIэхэмрэ иджырей мардэхэм иту зэрагъэпэщынущ, зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэри халъхьэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Унафэщым и псалъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр хьэщIагъэ зэрылъ щIынальэщ

Ижь илъэсхэм ди республикэр хущIокъу цIыхухэм псэукIэ тэмэм къахуэзэзыгъэпэщын социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Iуэрэгу теувэну. Ауэ ар щыпхъэзфIэкIынур инновацэхэр зи лъабжьэ, инвестицэхэр кьызэщIэгъэуIэныжьмкIэ Iэмал нэхьыфIхэр зэрыгъэщIэн, фейдэ кьэзыт, КъБР-м щыIэефIэкIыныгъэхэмрэ ди хьугъуэфIыгъуэхэмрэ зыубгъуауэ кьэзыгъэсэбэн экономикэрщI.

Абы и лъэныкьуэкIэ кьапщтэмэ, дэ кьыгъэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ республикэм и экономикэм зиужьыныжьмкIэ зэран хьу инфраструктурэ мардэхэр федеральнэ Iэнатlэмэ, щIыналъэ Iэнатlэмэ, хэхуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэтхэнэ щIыпIэми щыгъэкIуэдыныр. Апхуэдэу гулыитэ хэха хуэщIынхъщ стратегие мыхьанэ зиIэ унэтIныныгъэу республикэм и щIыналъэм щыIэхэм (промышленнэ, агропромышленнэ Iэнатlэхэм, рекреацэ комплексым, туризмым и ирахьэIэ материалхэр кьыщIэзыгъэжI, энергиер кьэзылэжь Iэнатlэхэм, транспортым) зегъэужьыным. Ахэрщ продукцэм щIагъэр уасэмкIэ ахьшэшхэ кьызыгъэнымкIынур, экономикэм зэрызиужь псынщIагъыр щIэзыгъэхузэбжьэнур, лжьафIэ Iэнатlэу нэхъыбэ кьызэIуахыныр. Экономикэм зэрызиужьынур куэдкIэ елъытащ социальнэ инфраструктурэм и фIагъыр кьэIэтынми, лжьафIэщIэхэр кьызэIухынми. Мыбдеж хэхауэ егупсысыпхъэщ лжьафIэ Iэнатlэхэр псом япэу щIагъуэным зэрыгъэтын зэрыгъэхуейм.

Ищхьэкlэ кьыщыгъэлъэгъуа Iуэхуэр республикэм и щIыналъэм щыIэ хэкIыпIэхэр нэхъыфIу кьэзгъэсэбэпыным, дыкъэзыIухъуреихь дунеймэ Iэмал зэриIэкIэ зэраныгъэ имыгъуэтыным ятещIыхьащ.

Нэхъ убгъуауэ сытепсэлъихьыну сыхуэит фIыкIэ нэхъ узыщыгугъ хъунухэм ящыщ «Санаторэ-курорт-туристрекреацэ комплекс» кластерым. Абы и лъэныкьуэкIэ дигу кьэдгъэкIыжьпхъэщ иджыблагъэ «Урысей зэкьуэт» партым Налшыкрэ Кисловодскрэ щIигъэкIуэкIа щIыналъэ зэхуаку конференцым щыкьагъэхэр. Абы хэтахэм зэаакьылэгъуу кьагъэлъэгъуауэ журорт-туристкомплексыр Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм зегъэужьыжьмкIэ лъабжьэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьэплъыгъэ зэрыхъунур. Туризмэм и кластер зэгуэт ди деж кьыщыгъэпэщыныр зэман кIыхьым тещIыхьа кьалэнщ. Ар Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и стратегием хагъэхьэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы Iэнатlэм егъэщIыпIа инвестицэ проекту 150-м нэблагъэ щагъэхьэзырац, псори зэхэту сом мелард 300 щIэ уасэу я уасэу. А проектхэр ягъэзэщIэфмэ, лжьафIэ IэнатlэщIэу кьаухуэзыIуынущ, цIыхухэм я лжьапщIэм хагъэхъуэфынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым туристрекреацэ, санаторэ-курорт комплексхэм зегъэужьыжьмкIэ хэкIыпIщхуэхэр щыIэщ. Абы ди щIыналъэр сыт и лъэныкьуэкIи хуэщIащ. Иджырей зэманым нэсу кьеIэзэгъэщ щымытми, дэ ди Iэщ цIыхухэм еIэзэнымкIэ, узынщагъэр зэтегъэуэвжьынмкIэ, спортым зыхуэгъэсэнымкIэ, зыгъэпсэхуныжьмкIэ инфраструктурэ пыухыкIа. Абы кьыхэкIыу республикэм зэман кIыхьым тещIыхьауэ игъуэтыну социально-экономикэ зыужьныгъэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу увын хуэващ дуней псом кьыщалъыта мардэхэм езэгъуу икIи щIэныгъэм и кьэхутэныгъэхэр и лъабжьэу я индустриер щIэуэ зэтегъэувжьыныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэфIэкI нэхъ инхэр щиIэ Iэнатlэхэщ Iуащхьэмахуэ лъапэрэ «Налшык» курортымрэ. Ауэ Iуащхьэмахуэ лъапэ екъэIэлIауэ ятещIыхьу узыщыгугъ хьэн инвестицэ проект куэд ягъэхьэзырамэ, «Налшык» курортым и гугъу ящIыщэркъым. ЩIыналъэшхуэ зымыIыгъ (псори зэхэту гектар 360-рэ уэдиз) «Налшык» курортым зэфIэкIкIэ кьэпэхъун куэд Урысейм щыбгъэтынукъым. Абы илъэсым цIыху мини 100 хуэдизым зыщагъэпсэхуфынущ, я узынщагъэр щыгъэтжыпIэмэ, Къащкъэтау ГЭС-р зэрауТIыпщынум сыт и лъэныкьуэкIи хуагъэхьэзырац.

ЗэIущIэм кьызэрыщыхагъэщамкIэ, бюджет лIэужьыгъуэхэмрэ абы щымыщ фондхэмрэ налогхэр и чэзуэ халъхьэ, абыкIэ щIыхуэ ятелъкъым.

- Бахьсэн ГЭС-м щалэжьа щIэпхьаджагъэм и лъэужьхэр гъэзэкIуэжьным теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Сечин Игорь Валыщык щригъэкIуэкIа зэIущIэм «Холдинг МРСК» ОАО-м и унафэщI Швец Николай хэтащ, - жиIащ Гъбжьокъуэ Юрэ.

- Зэхьихьэ нэужьым ар ди Iужьщlапlэм накIуэри, лжьыгъэм зыхиньгъэгъуэзащ, республикэм электрокьарурэ кьызыгъэхэмрэ абы щымыщ фондхэмрэ налогхэр и чэзуэ халъхьэ, абыкIэ щIыхуэ ятелъкъым.

- Бахьсэн ГЭС-м щалэжьа щIэпхьаджагъэм и лъэужьхэр гъэзэкIуэжьным теухуауэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Сечин Игорь Валыщык щригъэкIуэкIа зэIущIэм зыужьыгъэ абы и зыужьныгъэр хэзгъэкIуэжьным теухуауэ Швец Николай хэтащ, - жиIащ Гъбжьокъуэ Юрэ.

Апхуэдэу Швец Николай ириГъэкIуэкIащ ди кьудамэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ОАО-мрэ я ГъэщIагъэлъэгъэ зыхэта зэIущIэ. Абы щыIэзэпхьэщ зэрыщIэ, псом япэу энергетикэм и объектхэр террор щIэпхьаджагъэхэм зэуIуу зэрыщыгъэхьунэу щыкIыр.

Нэхъ зыгъэпIейтейхэм я гугъу щащIым, кьыхагъэщащ электрокьарур куэдым гъэпщIуауэ кьызэрагъэсэбэныр. Гъбжьокъуэ Юрэ зэрыщIэщIыгъуэ, псыр ягъэувыIэн, ещанэ турбинэр кьратэлъэн зэрарызэрыфIэкIар.

Апхуэдэу Швец Николай ириГъэкIуэкIащ ди кьудамэрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ОАО-мрэ я ГъэщIагъэлъэгъэ зыхэта зэIущIэ. Абы щыIэзэпхьэщ зэрыщIэ, псом япэу энергетикэм и объектхэр террор щIэпхьаджагъэхэм зэуIуу зэрыщыгъэхьунэу щыкIыр.

Нэхъ зыгъэпIейтейхэм я гугъу щащIым, кьыхагъэщащ электрокьарур куэдым гъэпщIуауэ кьызэрагъэсэбэныр. Гъбжьокъуэ Юрэ зэрыщIэщIыгъуэ, псыр ягъэувыIэн, ещанэ турбинэр кьратэлъэн зэрарызэрыфIэкIар.

Псом япэу зэгупсысыпхъэхэм ящыщщ ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа Iэнатlэхэм хиубыдэ Iуэхуу IаIэпхэр псы кьабзэкIэ тепсэлыхьауэ, зэрыщIэщIагъэ, ахэр гъэпльынри зэрызэкIэльымыкIэуэ. Апхуэдэу арэзы хуэкIщIыркъым транспорт комплексыми Республикэм и щIыналъэхэм я нэхъыбэр бгылъэу, кьэрал гъунапкъэми егъэщIыпIауэ зэрыщытыр кьэпльытэмэ, курорт-рекреацэ комплексым и дежкIэ мыбэзэнгъэкIэ иIэнуал хьэрэ транспортым зегъэужьыныр.

Ауэ зыщыбгъэгъупщэ хуэнукъым транспортым и адрей лIэужьыгъуэхэри. Абыхэми курорт-рекреацэ комплексым и зыужьныгъэр зыскьомкIэ кьызэралъахъэр кьэпльытэмэ, кьыбгурыIуэну гугъуэкIым иджырей зэманым кьезэгъ транспорт лIэужьыгъуэщIэхэр зэтегъэувэныр фIэкIыпIэ зимыIэ кьалэну зэрыщытыр. Апхуэдэхэм ящыщщ Юницкэм и кIапсэ транспорт жьыуэIэр. Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Транспортым кьыпэщыт IуэхуэхэмкIэ и институтым кьелъытэ кьалэ кIуэцIхэм, кьалэ щIыбхэм, апхуэдэу бгылъэ щIыпIэхэм цIыхухэмрэ хьэльхэмрэ зэрыкьыдгъэкIыжьыну хуэдизкIэщ.

Санаторэ-курорт Iэнатlэм, спортымрэ туризмэмрэ зегъэужьыным хуэунэтIауэ республикэм и кьалащхьэмрэ районхэмрэ игъэрей илъэсхэм лжьыгъэшхуэ щекIуэкIами, зэрыщытыр кьапщтэмэ, а Iэнатlэр зэкIэ кьыкIэроху зэманым кьигъэувэн. Щэнхабзэм, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ санаторэ-курорт комплексхэм, туризмэм, спортым зегъэужьыныр республикэм исхэмрэ хьэщIэхэмрэ зыхуеину Iэмалхэр кьахуэзгъэпэщыным и лъабжьэщ. Апхуэдэу щыщIкIэ, ари лъэпкъ проект пэрытхэм палъытеу, республикэм инвестицэхэр кьыхуэзащIэгъэуIэныжьмкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зэращыным хущIэкъун хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и рекреацэ Iэнатlэм щIэупщIа щиIэнур абы и зыужьныгъэр кластер бгъэдыхьэкIэм тепу кьызэрагъэпэщмэщ. Ауэ зэкIэ щIыгъэнэр щрагъэфIакIуэ санаторэ-курорт Iэнатlэмрэ турист-рекреацэ комплексымрэ я щытыкIэр зэманым кьигъэувэным нэсу кьезэгъырыкъым.

Псом япэу зэгупсысыпхъэхэм ящыщщ ищхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа Iэнатlэхэм хиубыдэ Iуэхуу IаIэпхэр псы кьабзэкIэ тепсэлыхьауэ, зэрыщIэщIагъэ, ахэр гъэпльынри зэрызэкIэльымыкIэуэ. Апхуэдэу арэзы хуэкIщIыркъым транспорт комплексыми Республикэм и щIыналъэхэм я нэхъыбэр бгылъэу, кьэрал гъунапкъэми егъэщIыпIауэ зэрыщытыр кьэпльытэмэ, курорт-рекреацэ комплексым и дежкIэ мыбэзэнгъэкIэ иIэнуал хьэрэ транспортым зегъэужьыныр.

Ауэ зыщыбгъэгъупщэ хуэнукъым транспортым и адрей лIэужьыгъуэхэри. Абыхэми курорт-рекреацэ комплексым и зыужьныгъэр зыскьомкIэ кьызэралъахъэр кьэпльытэмэ, кьыбгурыIуэну гугъуэкIым иджырей зэманым кьезэгъ транспорт лIэужьыгъуэщIэхэр зэтегъэувэныр фIэкIыпIэ зимыIэ кьалэну зэрыщытыр. Апхуэдэхэм ящыщщ Юницкэм и кIапсэ транспорт жьыуэIэр. Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Транспортым кьыпэщыт IуэхуэхэмкIэ и институтым кьелъытэ кьалэ кIуэцIхэм, кьалэ щIыбхэм, апхуэдэу бгылъэ щIыпIэхэм цIыхухэмрэ хьэльхэмрэ зэрыкьыдгъэкIыжьыну хуэдизкIэщ.

Къэрал щIыгъуэ кьагъэсэбэнымэ нэхъ тамэму. Ар ешэ пьэ пIэкIыбзэ, абыхэм я зэфIэкIыр нагъэсауэ къэралым кьигъэсэбэпыр мащIэщ, дыкъэзыIухъуреихь дунейм зэран хуэхъуркъым, щIыуи куэд хуэсхьан хуейкъым. ЩIыр кьызэмэщIэкI ди республикэм и дежкIэ ари Iуэху цIыкIыкъым.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ курортымрэ туризмэмрэ я Iуэхущ IаIэпхэм зыщызыгъэпсэхуныр, зэрыщытыр тэмэму зэрыщIэщ зэтрамыгъэувэфыр. Псом япэу, абы зэран къыхуэхъур ерыскьыпхъэхэр кьэлэжьныр егупсысауэ кьызэрызэрагъэпэщыщ. Рекреацэ индустрием хуэщIа мэкъумэщ Iэнатlэ дэ зэкIэ диIэкIым. Абы къыхэкIыу абдежыпхъэ егупсысыпхъэщ зыгъэпсэхуакIуэ ди деж кьакIуэхэр шхыпкIэ зыхуэй хуэзыгъэзэфыну фермер хозяйствэхэр, хадэхэкIэмрэ пчъщхьэмыщхьэхэмрэ щIыщахьэлIэ теплицэхэр, а ерыскьыпхъэхэм елэжь предприятэ мыинхэр кьыззIухьныным. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр икъукIэ сабэп хуэхъунущ ёзы мэкъумэщ Iэнатlэм зэгъэужьынни, курортхэмрэ туризмэм и Iуэхущ IаIэпхэмрэ кьекIуалIэхэр нэхъыбэ щIынми.

Гу зыпытапхъэжьм ящыщщ нэхъ хуэщIахэми ику иту псэу щIыхуэхэм я кьагъэсэбэпын хьащIэщхэр хуэунэ. Ныкъуэсаныгъэхэм ящыщу кьэбгъэлъагъуэ хуэунущ рекреацэ Iэнатlэм папщIэ Iэщlагъэлlкъэр зэрыгъэужьмыкъыр, ахэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэр зэIущIэу зэрызэтемыухуар. Апхуэдэу дэ цIыхухэм я нэгу зыщрагъэуэжьын, зыщагъэпсэхун Iуэхущ IаIэпхэр кьыдомэщIкI. Дэнэ щIыпIи щегугъун хуейщ рекреацэ щIыналъэхэр, зыгъэпскIыпIэхэр, щIэпсэхуп Iэхэр, псы хущхьуэхэм я Iуэхущ IаIэпхэр зэIущIэщ щIыным, санаторэхэм, курортхэм, туризмэмкIэ Iуэхущ IаIэпхэм инженер лжьыгъэхэр щегъэкIуэкIыным. А ныкъусаныгъэхэр кьыззIухьэкIыфрэ зыгъэпсэхуным, зыгъэхъужьным и лъэныкьуэкIэ длэжьыфыну Iуэхутхьэбзэхэр рынокым щыпхьдгъэкIыжьмэ мы Iэнатlэм жыджэру щыздэлажьэн хуейщ къэралымрэ щхьэзакъэхъуэрыгъэт Iэнатlэмрэ. Хьэрычэт Iуэху цIыкIымрэ курытымрэ тэмэму ядэIэпыкъуэн, абыхэм я зэфIэкIыр нагъэсауэ къэралым къигъэсэбэпыр мащIэщ, дыкъэзыIухъуреихь дунейм зэран хуэхъуркъым, щIыуи куэд хуэсхьан хуейкъым. ЩIыр кьызэмэщIэкI ди республикэм и дежкIэ ари Iуэху цIыкIыкъым.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ курортымрэ туризмэмрэ я Iуэхущ IаIэпхэм зыщызыгъэпсэхуныр, зэрыщытыр тэмэму зэрыщIэщ зэтрамыгъэувэфыр. Псом япэу, абы зэран къыхуэхъур ерыскьыпхъэхэр кьэлэжьныр егупсысауэ кьызэрызэрагъэпэщыщ. Рекреацэ индустрием хуэщIа мэкъумэщ Iэнатlэ дэ зэкIэ диIэкIым. Абы къыхэкIыу абдежыпхъэ егупсысыпхъэщ зыгъэпсэхуакIуэ ди деж кьакIуэхэр

●КъБР-м щыIэ МВД-м

Аруан куей ОВД-м и унафэщI Сындыкиу Анатолий



Кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, милицэм и генерал-лейтенант Томчак Юрий блыщхьэ кIуам Аруан куейм щыIэ ОВД-м зэIущIэ щригъэкIуэкIащ, кьу дамэм щIэуэ ягъэува и унафэщIэр яригъэщIыхуащ. Ар милицэм и полковник Сындыку Анатолий Iэмин и кьэуэрщ, нэхъыбэм Налшык кьалэ УВД-м Жылагъуэ щынагъэншагъэмкIэ и милицэм и унафэщI кьуныкъуэм пэрытащ.

ЗэIущIэм хэтащ икIи кьыщIэсэльащ Аруан куей администрацэм и Iэтащхьэ Кьаноковэ Антемыркьанрэ щIыпIэ самоуправлениэм и Советым и унафэщым и кьуэдзэ Кьарэпыкьу Мухьэмэдэр.

Аруан ОВД-м и нэIэм щIэт щыналъэм щызэфIэува щытыкIэм теухуа докладым едэIуа нэужь, министрым ар кьызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр жиIащ. Нужь зэманым диверсие-террорист щIэпхьаджагъэ зыбжанэ щIэтым зэрыщалэжьым кьеГъэльагъуэ экстремист бандэ гупым зыкьызэрызэхъуэжьар. Кьуэ щIалэм Нарткьалэ, пльыр нарядым дэфтэрхэр кьыщапщIэм кьаухуэру щIэздза, Iэщхьэ зэщIэуэздэ бзаджащIтI зэрыщащкIрэ. Кьагъэльэгъуа хах уагъэм, я Iэщlагъэм зэрыхуэIэижьым папщIэ Урысей Федерацэм кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министр арамэм и генерал Нургалиев Рашид Аруан куей ОВД-м и унафэщIхэм фIыщIэ кьаззэрыхуящIар кьызэхуэсахэм яжриащ Томчак Юрий.

Кьапэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэр зэгунэIуэри, министрым гу лъаригъэтащ я гупым ядэIэжьныр нэхъри ирагъэфIэкIуэн зэрыхуейр. ОВД-м и унафэщым чэнджэщ иритащ куейм и жылагъуэхэм кIуэну, лъэпкъым, къуажэм я нэхъыжьхэм яIущIэну, хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ сэ д Iуэхущ IаIэ хэмрэ я жьы IэкIэ зэрыгъэжьынущ.

Апхуэдэуи Томчак Юрий зэIущIэм кьрихьэлIэхэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м щыIэ МВД-м Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым районхэм зэдай и кьуэдзэхэм зэрызэрагъэпэщар, абы и хэщIапIэр Нарткьалэу зэрыщытыр.

ЗэIущIэм гулъытэ щыхуащIащ кьудамэм и ди теуп зэгухьэныгъэм зэрызыщIагъэкьуэнум.

МВД-м игуэутину зэхьуэкIыныгъэхэм, кьыхальхьа «Полицэм и тесу ауэ» зэк онопроектым я гугъу ящIащ, Томчак Юрий жиIащ щыхуэфащэ зэхьуэкIыныгъэхэр халъхьа нэужь, ар кьащтэмэ, кьэралым законностымрэ хабзэмрэ щыгъэбыдэным щIэгъэкьуэн зэрыхуэхьунур и фIэщ зэрыкьыр.

